CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #१०४

२० ।०१ ।२०७८

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## आन्तरिक आ अन्तरराष्ट्रिय आवागमन सम्बन्धी सरकारद्वारा कएलगेल निर्णयसभ

१ २०७८ बैशाख २० गते राईत १२:०० बजे सँ नियमित आन्तरिक हवाई उडान बन्द हेतै ।

२ अन्तरराष्ट्रिय उडानसँ आब/जायवला यात्रीसभके बारकोड सहितके पिसिआर प्रतिवेदन अनिवार्य हेतै ।

३ २०७८ बैशाख २० गते राईत १२:०० बजे सँ भारत संगे जारी रहल एयर बबल सुविधा किछ समयके लेल रोकल जेतै ।

४ दक्षिण अफ्रिका आ ब्राजिल सँ आबवला यात्रीके नेपाल प्रवेशमे रोक लगाएल जेतै ।

५ अन्तरराष्ट्रिय सीमाना स्थलनाकासँ विदेशी नागरिकके प्रवेश नै देल जेतै ।

स्रोत: https://ccmc.gov.np/key_decisions/key%20decision%2024.pdf

## नेपाल अपडेट



काभ्रेके पनौती वडा नं.४ के कार्यालयमे तैयार भ़ऽरहल एकान्तवास केन्द्रके विरोधमे स्थानीय ।

चित्र: केशवराज पौडेल

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २५,२१,१६४


पोजेटिभ: ३,४३,४१८

उपचाररत: ५४,०४१

मृत्यु : ३,३६४

सन्चो भएका : २,८६,०१५






accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



सरकारसँ प्रोत्साहन भत्ता उपलब्ध नै भेटलाके कारण स्वास्थ्यकर्मी नौकरी छोडने समाचार आबिरहल छै त ?

अई बातके ध्यानमे राखैत सरकार कोभिड - १९ के पहिचान, निदान आ ईलाज, एम्बुलेन्स सञ्चालन, शव व्यवस्थापनमे प्रत्यक्ष रुपसँ लागल चिकित्सक, स्वास्थ्यकर्मी, कर्मचारी, सरसफाईकर्मी आ सुरक्षकर्मीके ६ महिनातक शुरु तलबस्केलके ५० प्रतिशत जोखिम भत्ता देबके निर्णय सरकार केने छै ।


स्रोत: https://ccmc.gov.np/key_decisions/key%20decision%2024.pdf



सरकारसँ स्वास्थ्यक सामानमे कर छुट नै देलाके कारण अक्सिजन लगायतके कोभिडके ईलाजमे जरुरी स्वास्थ्य सामानके अभाव भळरहल छै से सुनल जाईत छै ।

कोभिड - १९ महामारीसँ संक्रमित बिमारीसभके ईलाज व्यवस्थापनके लेल जरुरत परवला अक्सिजन लगायत स्वास्थ्य सामान आनमे लागबला भन्सार कर, मुल्य अभिवृद्धि कर तथा अन्त: शुल्क समेत छुट हेतै से सरकार निर्णय कळचुकल छै । कोन कोन सामानमे छुट भेटतै से विस्तृत जानकारी निचाके लिंकमे देख सकैत छी ।

स्रोत: https://cutt.ly/UbxTkTh



आब विदेश जान सरकारसँ तोकलगेल प्रयोगशालामे मात्रे पिसिआर परिक्षण कराब पडतै कहादन ।

हँ, विदेश जायवलाके हितमे सरकार पिसिआर परिक्षणके मापदण्ड बनेने छै । विदेश जायवला आदमीके आब सरकारी पिसिआर प्रयोगशाला, १०० टा बिछान भेल अस्पतालमे रहल पिसिआर प्रयोगशाला आ“ए” बर्गके प्रयोगशालाम मात्रे पिसीआर परीक्षण कराब पड्तै ।

स्रोत: https://cutt.ly/1bzmfup



कोरोनाके दोसर लहर एलाके बादसँ आदमीमे डर आरो बढ्ल छै । अई गे कोरोना बीमा सेवा सेहो बन्द भळरहल छै से हल्ला छै ।

हँ, कोरोना बीमाके अवधी २०७८ साल आषाढ अन्त्यतक मात्रे रहै । लेकिन, आषाढ अन्त्यके भितर संक्रमित बीमित लेकिन बीमा दाबी कर पाओत । कोरोनाके संक्रमण बढैत गेलाके बादो कोरोना बीमाके देवके सम्बन्धमे सरकार कोनो निर्णय नै केने छै ।

स्रोत: https://nib.gov.np/wp-content/uploads/2020/10/Circular-6-2077.078.pdf

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत


कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ४,१९,३४८ संक्रमित | २,७६,५८६ संक्रमित | १,७९,२९७ संक्रमित | २,०६,९४८ संक्रमित | ५,२५,५६७ संक्रमित | १,९६,९०० संक्रमित | ३,९२,९४२ संक्रमित | १,१९,३८७ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |




स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

Shramik Sanjal

## कतारमे नियमके पालना नै केलापर कारवाहीमे परब

**१.** आब सरकारी प्रोजेक्ट भिषामे करार अवधी खतमभेल कामदार सहजे कम्पनी परिवर्तन कर सकत ।

**२.** विद्यार्थी, विद्यालयके कर्मचारी आ शिक्षकसभके कोभिडके खोप अनिवार्य लगाबके लेल नाम दर्ता कराब स्वास्थ्य मन्त्रालय आग्रह केने छै ।

**३.** सन् २०२० भित्तर मात्रे १,५१,९९० आप्रवासीके वर्क परमिट रद्द भेल छै । किछके मृत्यु भलक, किछकोई अपन भिसाके पारिवारिक भिषामे परिवर्तन कलक आ बहुतेकोई कोभिडके कारण सँ नौकरी गुमाक कुवेत छोडलाके कारण सँ एतेक बेसी मात्रामे वर्क परमिट रद्द कएलगेल छै ।

**४.** कोभिड - १९ के कारण भिषा अवधी भेल ३ लाख ५० हजार आप्रवासी कामदारसभ अपन-अपन देशमे रोकाएल छैथ।

**५.** २६ अप्रिल, २०२१ तकके आँकडा अनुसार कुवेतमे आप्रवासीके संख्या १५,८६,४९४ रहल छै । ई संख्याके देखला सँ अखुनका परिस्थितीमे ३१ प्रतिशत कामदारके कमि छै ।

**६.** कोभिड भ्याक्सिन प्रमाणपत्रके लेल इमुन (IMMUNE) एप्स सबके लेल अनिवार्य कएलगेल छै । जँ कोभिड-१९ बिरुद्धके खोप लगेने छी त ई मोवाईल एप्सके प्रयोग करब ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

कोरोना संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजमे भेल
खर्चके ताजा अद्यावधिक (२०७७ पुष अन्त्य तक)

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार |
|---|---|---|
| रु. ८ अर्ब ५९ करोड ९८ लाख | रु. २ अर्ब ९२ करोड ३ लाख | रु. ८ अर्ब १० करोड ६७ लाख |

**दोहोरो खर्च**

रु १ अर्ब ४९ करोड ७० लाख

**दोहरा खर्च कटाक होबवला जम्मा खच**

**रु. १८ अर्ब १२ करोड ९८ लाख**

स्रोत: https://cutt.ly/4lfYbPi

# दीर्घकालिन श्रोत देशमे छै, लेकिन युवा रोजगार खोज विदेश जारहल




> सरकार किछ नै कलदेलक कहिक बैसलौ त कहियो रोजगार नै होएब । सरकारलग श्रोत छै । अपनासभ प्रकृया नै बुझला सँ ओकर सदुपयोग कर नै पाएल छी । दोसर दिस सरकारके जिम्मेवार बनेनाई सेहो त अपनेसभके दायित्व छै । युवासभके सामुहिक रुपमे व्यवसाय करतै त स्वदेशेमे व्यवसाय कर श्रोतके कमी नै होईछै ।

खजुरा - २, बाँकेके महेश्वर धिताल शर्मा वैदेशिक रोजगारीके सिलसिलामे ३ वर्ष युएई आ ६ वर्ष मलेशियामे बितौला । करिब एक दशक वैदेशिक रोजगारीमे बिताईवतो हुनकर सोचल जेहन कमाई नै भेलै । विदेश गेलाके बाद सपना पुरा हेतै कहिक सोचने शर्माके सोचल जेहन नै भऽलरहल छलै । अहि बीच ऊ नेपाल फिर्ता आबके सोच बनेलैथ । ऊ नेपाल फिर्ता आबैत काल सेहो बेरोजगारीके अवस्था पहिले जेहन छलै । हुनका आव किछ नै कएल जासकैय जेना लगैत छलै । लेकिन, घर परिवारके साथ आ सहयोग हुनकासंगे छलै ।

सामाजिक क्षेत्रमे बहुते रुचि राखवला ऊ स्वदेशमे रहिक कि केना करब तै चिन्तामे रहल अवस्थामे स्थानीय जनप्रतिनिधी आ वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आएल युवासभके बीच अन्तरक्रिया कार्यक्रममे सहभागि भेलाह । पालिकाके उप-प्रमुख हुनका समुह दर्ता कर सल्लाह देलखिन । ओही अनुसार वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आएल युवासभके समूह गठन भेलै । महेश्वर सहसंयोजक बनलैथ । समुह सकृय बनैत गेलै । समुहके प्रत्येक सदस्य मासिक १०० रुपैयाँ बचत कर लागलाह । अपन कोष सेहो बढ लगलै ।

हुनकर समूह अखन पालिकाके प्रत्येक कार्यालयमे पहुचक युवासभके लेल रोजगार मुलक कार्यक्रम माग करैत छै । बहुते बेर मौखिक प्रतिबद्धता पाविचुकल ऊसभ ऊ प्रतिबद्धता कार्यान्वयन होब नै सकलापर किछ निराशा होईछै । हुनकर समुह अखन पालिकासँ भेटवला प्रत्येक कृषि सम्बन्धी प्रशिक्षणमे सहभागी भऽलरहल छैथ । अहि सन्दर्भमे हुनकर समूहके पालिका सँ कृषिके लेल बीज अनुदानमे भेटलै । जै सँ हुनकर समुह अपेक्षित उत्पादन कऽलरहल छै ।




ऊ कहैत छैथ, "सरकार किछ नै कलदेलक कहिक बैसलौ त कहियो रोजगार नै होएब । सरकारलग श्रोत छै । अपनासभ प्रकृया नै बुझला सँ ओकर सदुपयोग कर नै पाएल छी । दोसर दिस सरकारके जिम्मेवार बनेनाई सेहो त अपनेसभके दायित्व छै । युवासभके सामुहिक रुपमे व्यवसाय करतै त स्वदेशेमे व्यवसाय कर श्रोतके कमी नै होईछै ।" महेश्वर आब वैदेशिक रोजगारीमे नै जायके निर्णय केने छैथ । ऊ चाहैत छैथ, राज्य हुनका जेहन युवाके मनसाय बुझिक योजना बनाबै ।



# रेडियो कार्यक्रम पद्धती

## संरचना सबैका लागि

प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams   @civacts   @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219